



Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LÈT GOUVÈNÈ HOCHUL LA BAY SEKRETÈ SEKIRITE TÈRITWA A: DEBLOKE FINANS ENTÈLIJANS FEMA A POU PWOTEJE ZÒN METWO VIL NOUYÒK LA

Pandan Vil Nouyòk rete yon sib wo nivo — jan fiziyad nan Midtown lan montre sa a — Depatman Sekirite Teritwa pa debloke finansman esansyèl yo

Resous kritik yo pèmèt yon ogmantasyon nan kapasite analiz entèlijans, ogmante kapasite a lè yo idantifye nouvo menas epi amelyore koleksyon entèlijans

[Kopi lèt la disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te voye yon [lèt bay Sekretè Depatman Sekirite Tèritwa \(Department of Homeland Security, DHS\) Etazini an, Kristi Noem](#), pou mande debloke finansman pou Inisyativ Sekirite Zòn Iben an (Urban Area Security Initiative, UASI) atravè Pwogram Sibvansyon Sekirite Tèritwa (Homeland Security Grant Program, HSGP) a apre masak lendi swa a nan Midtown Manhattan.

Finansman UASI a enpòtan anpil pou konstwi kapasite analiz entèlijans nan NYPD a, pou pèmèt ogmantasyon kapasite lè yo idantifye nouvo menas, epi pou pèmèt NYPD a bay patnè lapolis federal yo kapasite koleksyon ak analiz entèlijans pandan gwo evènman Sekirite Espesyal Nasyonal. UASI sipòte tou yon pakèt inisyativ sekirite ke ajans lapolis ak sekirite piblik yo ap fè nan tout konte Westchester, Nassau ak Suffolk yo

Elimine finansman sa a — ki [te totalize plis pase 156.1 milyon dola pou Nouyòk an 2024](#) — t ap rann Nouyòkè yo mwens an sekirite nan yon moman kote Vil Nouyòk rete yon sib wo nivo pou zak vyolans sible. Vil Nouyòk, Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey, Vil Yonkers, ak Konte Nassau, Suffolk ak Westchester tout te resevwa prim atravè finansman sa a.

Tout tèks lèt la anba a:

Chè Sekretè Noem:

Antanke Gouvènè, priyorite prensipal mwen se kenbe Nouyòkè yo an sekirite Pandan plizyè deseni, Nouyòk te asosye avèk gouvènman federal la, ajans ou an espesyalman,

pou bay resous nan efò sekirite nasyonal ak konbat teworis nan Vil Nouyòk ak nan tout Eta Nouyòk.

Lendi, li te parèt klè ankò ke vil Nouyòk rete yon sib wo nivo pou zak vyolans sible. Kat Nouyòkè pèdi lavi yo, pami yo yon ofisyè NYPD, nan Midtown Manhattan. Asayan ki responsab la te vwayaje soti Nevada rive jis nan pi gwo metwopòl nasyon nou an pou komèt zak terib sa a.

Depatman ou an rekonèt depi lontan ke zòn iben ki gen anpil moun konstitye yon sib espesifik ak inik pou zak teworis ak vyolans sible, epi ke gen bezwen ak defi inik pou pwoteje yo an sekirite. Sepandan, anba sipèvizyon ou, Depatman Sekirite Teritwa pa t jwenn finansman pou Inisyativ Sekirite Zòn Iben an (UASI).

Nou konnen nan rapò piblik ke Administratè pa Enterim FEMA David Richardson te voye yon memo bay Mezon Blanch lan ke ou te apwouve rekòmandasyon pou eliminasyon UASI a. Nan memo sa a, Administratè par Enterim nan te admèt ke elimine finansman sa a t ap lakòz "yon nasyon ki mwens an sekirite, sitou nan fwontyè a ak nan kèk nan vil ki pi sible nasyon an, tankou Miami, Washington DC, ak Dallas...". Vil Nouyòk se vil ki pi siblr nan peyi sa a nan sa ki gen pou wè ak menas teworis.

Elimine finansman sa a — ki te totalize plis pase 553 milyon dola an 2024, 156.1 milyon dola ladan l te ale nan Nouyòk— t ap rann Nouyòkè yo mwens an sekirite, t ap paralize efò NYPD a pou konfwonte menas teworis yo, epi t ap diminye pataj enfòmasyon entèlijans ant ajans fòs lòd lokal yo, eta yo ak federal yo. Finansman sa a enpòtan anpil pou konstwi kapasite analiz entèlijans nan NYPD a, pou pèmèt ogmantasyon kapasite lè yo idantifye nouvo menas, epi pou pèmèt NYPD a bay patnè lapolis federal yo kapasite koleksyon ak analiz entèlijans pandan gwo evènman Sekirite Espesyal Nasyonal — tout objektif ke nou te gen konfyans ke patnè federal nou yo te pataje avèk nou jiska dènyèmman.

Nan lendi, menm jou ak dènye atak sible a, ajans ou a te pibliye plizyè sibvansyon pou preparasyon sekirite nasyonal ke nou te espere resevwa nan mwa me a. Sepandan, ou pa t rive debloke UASI a tou — sibvansyon ki fèt espesyalman pou pwoteje pi gwo sib teworis iben nan peyi a.

Plis reta nan deblokaj UASI a pral degrade kapasite nasyon nou an pou pwoteje sant iben nou yo, tankou kapasite nou pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Mwen ankouraje w pou w ranpli devwa w pou w pwoteje tout Ameriken epi pou w debloke finansman UASI a imedyatman.

*Kòdyalman,
Gouvènè Kathy Hochul*

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)